



Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO TO ENFEKSYON REKÒ POU COVID-19 AK 8 MILYON TÈS YO REYALIZE NAN ETA NEW YORK

0.65 pousan tès pou COVID-19 yè yo te pozitif—Nouvo rekò; twa semèn dafile avèk to enfeksyon anba 1 pousan

Eta New York te reyalize 8 milyon tès pou COVID-19

Tès rapid yo ap kòmanse nan rejyon lwès New York demen; rele 833-6978764 pou fè yon randevou

3 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA ak Gwoup Travay Lapolis Eta a vizite 1,322 etablisman; obsève 9 vyolasyon ki pa konfòm

Konfime 636 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 432,767; gen nouvo ka nan 47 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a to enfeksyon pou COVID-19 ki pi ba nan Eta New York—0.65 pousan—depi pandemi an te kòmanse. To enfeksyon Eta New York te rete mwens pase 1 pousan chak jou pandan twa semèn. Gouvènè a te anonse tou ke yo te reyalize kounye a 8 milyon tès nan Eta a. Gouvènè Cuomo te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrès Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif ak anpil lòt pwèn enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Konbat COVID-19 egzije gwo bravou ak disiplin nan men Nouyòkè yo epi mwen remèsye yo pou nouvo to enfeksyon rekò jodi a. Sa se prèv ke sa nou chak fè pou ralanti pwopagasyon an—pote mask, kenbe distans sosyal epi lave men nou—fè yon diferans reyèl", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou ap kontinye etann kapasite nou pou teste ak retrace kontak yo pandan nou ap pouswiv yon re-ouvèti pa faz, ki baze sou done, epi se pou sa nou te atenn 8 milyon tès ke yo te reyalize nan Eta a. Done yè yo montre tou ke nou pa nesèsman ap jwenn plis ka pozitif avèk plis tès, sa ki se yon bon nouvo devlopman. Nou poko soti nan sityasyon an, kidonk rete fèm, rete an sekirite epi rete New York solid (New York Tough)."

Gouvènè Cuomo te raple tou rezidan Rejyon Lwès New York yo ke tès rapid ap kòmanse nan uit sit nan rejyon an demen. Rezidan yo kapab rele 833-NYSTRNG pou fè yon randevou. Yè, Gouvènè a te [deplwaye yon ekip SWAT](#) pou fè tès nan Rejyon Lwès New York pou adrese ogmantasyon ka COVID-19 resan yo nan rejyon an. Li te anonse tou uit sit, ke nou kapab jwenn isit la:

Deleavan-Grider Community Center (Sant Kominotè Deleavan-Grider)

877 E. Delavan Ave.
Buffalo, NY 14215

True Bethel Baptist Church

907 E. Ferry St.
Buffalo, NY 14211

Northwest Buffalo Community Center (Sant Kominotè Northwest Buffalo)

155 Lawn Ave.
Buffalo, NY 14207

Dunkirk Fire Murphy Training Grounds (Tèren Fòmasyon Dunkirk Fire Murphy)

665 Brigham Road
Dunkirk, NY 14048

SUNY ECC North

6205 Main St.
Williamsville, NY 14221

Union Fire Company

1845 Union Road
West Seneca, NY 14224

John A. Duke Senior Center

1201 Hyde Park Blvd.
Niagara Falls, NY 14301

YWCA of the Niagara Frontier

32 Cottage St.
Lockport, NY 14094

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 1,322 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 9 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Bronx** - 3
- **Brooklyn** - 1
- **Manhattan** - 1

- **Staten Island - 4**

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 478 (-12)**
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 72**
- **Lopital Konte yo - 31**
- **Kantite ICU - 122 (-4)**
- **Kantite ICU nan entibasyon - 51 (-1)**
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 74,923 (+73)**
- **Kantite Lanmò - 3**
- **Kantite Lanmò Total - 25,312**

Sou 97,826 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 636, oswa 0.65 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	MADI	MÈKREDI	JEDI
Capital Region	0.5%	1.1%	0.5%
Central New York	0.6%	1.4%	0.8%
Finger Lakes	0.5%	0.6%	0.3%
Long Island	0.9%	0.6%	0.5%
Mid-Hudson	0.9%	1.2%	0.9%
Mohawk Valley	0.2%	0.4%	0.1%
New York City	0.9%	0.9%	0.6%
North Country	0.6%	1.2%	0.8%
Southern Tier	0.3%	0.3%	0.5%
Western New York	1.4%	2.0%	1.2%

Gouvènè a te konfime tou 636 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 432,767 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 432,767 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,746	10
Allegany	87	0
Broome	1,283	9
Cattaraugus	197	9
Cayuga	177	1
Chautauqua	355	15
Chemung	196	2
Chenango	224	0
Clinton	149	1
Columbia	568	0

Cortland	98	0
Delaware	112	2
Dutchess	4,827	12
Erie	9,713	45
Essex	126	7
Franklin	58	0
Fulton	310	0
Genesee	293	1
Greene	306	0
Hamilton	14	1
Herkimer	294	0
Jefferson	149	1
Lewis	48	0
Livingston	181	0
Madison	456	17
Monroe	5,398	13
Montgomery	200	2
Nassau	44,503	53
Niagara	1,600	5
NYC	233,410	270
Oneida	2,265	1
Onondaga	3,847	15
Ontario	385	1
Orange	11,399	17
Orleans	306	1
Oswego	288	1
Otsego	125	1
Putnam	1,492	5
Rensselaer	826	3
Rockland	14,197	14
Saratoga	832	3
Schenectady	1,233	2
Schoharie	69	0
Schuyler	25	1
Seneca	98	0
St. Lawrence	270	1
Steuben	312	1
Suffolk	44,678	37
Sullivan	1,515	9
Tioga	207	1
Tompkins	251	2

Ulster	2,155	3
Warren	320	2
Washington	267	1
Wayne	279	0
Westchester	36,863	38
Wyoming	125	0
Yates	60	0

Yè, te gen 3 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,312. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Nassau	1
Queens	1
Schenectady	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)